

**KARAKTERISTIK PALAKU JEUNG AJÉN KAAGAMAAN
DINA WAWACAN SAJARAH LAMPAHING PERWALI KABÉH**

SKRIPSI

**Disusun pikeun Nyumponan Sarat Ujian Sidang
Sarjana Pendidikan**



ku

ERNA HERNAWATI

NIM 030190

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**

2007


LEMBAR PENGESAHAN

**ERNA HERNAWATI
NIM 030190**

**KARAKTERISTIK PALAKU JEUNG AJÉN KAAGAMAAN
DINA WAWACAN SAJARAH LAMPAHING PERWALI KABÉH**

Disaluyuan jeung disahkeun ku:

Pangaping I,



**Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd.
NIP 130 176 762**


Pangaping II,



**Dr. Ruhaliah, M.Hum.
NIP 131 846 868**

Kauninga ku

**Pupuhu Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah
Fakultas Pendidikan Bahasa Dan Seni
Universitas Pendidikan Indonesia,**



**Drs. Dingding Haerudin, M.Pd.
NIP 131 846 863**

*Ku kituna Maha Luhung Allah, Raja Nu Hak. Jeung
poma manéh (Muhammad) ulah rurusuhan (dina hal
miharep narima) Qur'an saméméh réngsé diwahyukeun
ka manéh, sarta pok ucapkeun: "Nun Gusti Pangéran
abdi, mugé Gusti nambahan deui élmu pangaweruh ka
abdi."*

(Tha Ha: 144)

*Campaka Gunung Tampomas
Kuncup disimbut halimun nu ngandung
Ligar dijaga surya nu ngayuga
Ibun halimun jadi cikahuripan
Cahya surya jadi kakuatan
Campaka nyambuang ngahontal bagja
Ngadalingding seungit ngudag digjaya
Haturan Bapa miwah Mamah.*



PERNYATAAN

Dengan ini saya menyatakan bahwa skripsi yang berjudul *Karakteristik Palaku jeung Ajén Kaagamaan dina Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh* ini beserta isinya adalah benar-benar karya saya sendiri, dan saya tidak melakukan penjiplakan atau pengutipan dengan cara-cara yang tidak sesuai dengan étika keilmuan yang berlaku dalam masyarakat keilmuan.

Atas pernyataan ini, saya sanggup menanggung resiko/sanksi yang dijatuhkan kepada saya apabila kemudian ditemukan adanya pelanggaran terhadap étika keilmuan dalam karya saya ini, atau ada klaim dari pihak lain terhadap keaslian karya saya ini.

Bandung, Agustus 2007
Yang membuat pernyataan,

Erna Hernawati
030190



PANGJAJAP

Bismilahirrohmanirrohim,

Taya kecap nu bisa ngagambarkeun kumaha bagjana rasa, taya kalimah nu bisa ngawakilan geusan nepikeun lugina ati, anging lapad *hamdalah* nu bisa kedal. Puji ka Gusti, sukur kanu Mahaagung, salawasna sim kuring sanggakeun ka Allah SWT. anu parantos maparin rahmat, hidayah, sareng ni'mat nu barokah ka sim kuring, kalih teu kalangkung solawat miwah salam ka Rosululloh SAW., nu parantos nunjukeun jalan tur nuyun sim kuring kana hidayah Anjeunna. Saréatna dibeuhi ku kasabaran jeung keyengna paniatan, sagala kasusah jeung bangbaluh bisa katungkulan.

Nu ahirna, sagala kasusah bisa ngabukti dina janggélékanna skripsi anu judulna *Karakteristik Palaku jeung Ajén Kaagamaan dina Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh*. Ieu skripsi diajengkeun pikeun nyumponan salasahiji sarat ujian sidang Sarjana Pendidikan di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.

Teu sakedik halangan harungan anu kapendak salami nyusun ieu skripsi. Nanging ku ayana kakeyeng, pangrojong, pangdu'a ti sadayana, ieu skripsi tiasa réngsé. Jalaran kitu, sim kuring ngahaturkeun séwu nuhun nu tan wates wangen ka sadaya pihak anu parantos maparin rojonganana, bantosan, piwuruk, pituduh, kritik, koréksi, sumanget, sareng tanda kanyaah sanésna salami kuliah sareng dina ngaréngsékeun ieu skripsi, utamina ka:

1. Bapa miwah Mamah (almh.) anu teu weléh ngadu'a, tur tihothat makayakeun léngkah awaking. ("Mah...sanajan tos aya di kalanggengan, tapi Mamah tetep

- janten sumanget kanggo Néng dina mayunan sagala hal". Mangrébu-rébu nuhun, haturan kanggo Mamah sareng Bapa);
2. Pun lanceuk (Téh Lilis sareng A Herman) anu parantos ngarojong boh lahir boh batin, nuhun pisan Téh!;
 3. Bapa Prof. Dr. Iskandarwassid, M.Pd., salaku pangaping kahiji;
 4. Ibu Dr. Ruhaliah, M.Hum., salaku pangaping kadua ogé salaku girang serat jurusan anu teu kendet nyumangetan dina nyusun ieu skripsi;
 5. Bapa Drs. Dingding Haerudin, M.Pd., salaku pupuhu Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah;
 6. Bapa Drs. Usep Kuswari, M.Pd., anu parantos masihan sumanget kanggo ngaréngsékeun ieu skripsi;
 7. Bapa miwah Ibu dosén Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah anu parantos ngatik ngadidik sarta masihan élmu pangaweruh ka sim kuring;
 8. Pa Wawan sareng Pa Apan, salaku staf Tata Usaha Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah anu parantos diririweuh ku sim kuring;
 9. Pun Nini (Ma Enoch) anu teu kendet-kendet ngadu'akeun.
 10. A Asep nu teu kendet ngadu'a sareng parantos masihan rojongan sarta sumangetna dina nyusun ieu skripsi. Hatur nuhun, A!;
 11. Réréncangan sapapait samamanis entragan 2003 anu sami-sami nyuprih élmu di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah nu teu kedah diwincik hiji-hiji;
 12. Sadayana warga Pangkeng Kalimusada anu parantos ngarojong dina ngaréngséngkeun ieu skripsi;

13. HIMA Pensatrada anu parantos masihan pangalaman ka sim kuring, ogé adi-
adi pangurus HIMA, sok bajoang terus tanjeurkeun himpunan urang;
14. Réréncangan KKN (hususna Kang Arie) hatur nuhun bantosanna;
15. Bapa Dr. I. Syarief Hidayat, M.Hum., anu parantos masihan élumna kanggo
ngalengkepan ieu skripsi;
16. Sakumna nu henteu tiasa kasebat, mugia sagalana tiasa jadi panggeuing tur
pangrojong sim kuring ka payunna.

Mugia Allah SWT maparin ganjaran kana sagala kasaéan aranjeunna.
Amin. Kumargi heureut pakeun pungsat bahan, boh dina pangaweruh boh dina
waragad, tangtos ieu skripsi téh héngkér tur seueur kakiranganana. Ku margi kitu
pangrojong ti sadayana kanggo ngaronjatkeun ajén ieu skripsi kalintang dianti-
antina.

Pamungkas, mugi-mugi ieu skripsi sasieureun sabeunyeureun tiasa kaala
mangpaatna, hususna kanggo nu nyusun umumna kanggo nu maca.

Bandung, Agustus 2007

Nu Nyusun,

Erna Hernawati

